

**DEMANN POU
TRANSFÈ POU SÈTEN
VIKTIM VYOLANS
VYOLANS ANT MOUN KI RENMEN,
VYÒL, OSWA ASÈLMAN**

**Depatman Lojman
ak Devlopman Iben Etazini**

Otorizasyon OMB No. 2577-0286
Ekspirasyon 30 jen 2017

Objektif Fòm Nan: Si ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman, epi w ap chèche yon transfè an ijans, ou itilize fòm sa a pou mande yon transfè an ijans, epi sètifye ou satisfè kondisyon pou kalifye pou yon transfè an ijans selon Lwa Konsènan Vyolans Kont Fanm nan (Violence Against Women Act, VAWA). Malgre referans legal lwa sa a, pwoteksyon VAWA disponib pou tout viktim vyolans domestik, viktim vyolans ant moun ki renmen, viktim vyòl, ak viktim moun k ap asèl yo. Menm si ou itilize fòm sa a, sa pa vle di gen garanti w ap jwenn yon transfè an ijans. Gade nan plan transfè an ijans konpayi lojman ou a pou plis enfòmasyon sou disponiblite transfè an ijans.

Men kondisyon ou sipoze satisfè yo:

(1) Ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman. Si konpayi lojman ou a pa deja gen dokimantasyon ki pwouve ou se yon viktim vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman, yo gen dwa mande pou dokimantasyon sa yo. Pou reponn yo, ou kapab soumèt yon Fòm HUD-5382, oswa nenpòt nan lòt kalite dokimantasyon ki nan lis sou Fòm sa a.

(2) Ou presize w ap mande yon transfè an ijans. Depi ou soumèt fòm sa a, ou konfime ou presize ou te mande yon transfè. Konpayi lojman ou a kapab chwazi pou egzije ou soumèt fòm sa a, oswa li kapab aksepte yon lòt demann alekri oswa aloral. Tanpri gade plan transfè konpayi lojman ou a pou plis detay.

(3) Ou gen yon bon rezon pou kwè gen menas pou ou sibi plis vyolans si ou toujou kote ou rete a. Sa vle di ou gen yon rezon ki fè ou pè si ou pa resevwa yon transfè w ap soufri plis vyolans nan jou k ap vini yo.

OSWA

Ou se yon viktim vyòl, vyòl la te rive sou pwopriyete ou rete a, epi poko gen plis pase 90 jou apre vyòl la lè ou mande yon transfè. Si ou se yon viktim vyòl, non sèlman pou kalifye pou yon transfè an ijans paske ou gen yon bon rezon pou kwè gen menas pou ou viktim plis vyolans si ou rete kote ou abite a, ou kapab kalifye pou yon transfè an ijans si moun nan te vyole ou sou pwopriyete ou vle kite a epi poko gen pase 90 jou apre vyòl la lè ou mande transfè a sou fòm sa a oswa ak yon lòt mwayen.

Jan Pou Soumèt Dokimantasyon: Si ou gen dokiman yon kote endepandan ki montre poukisa ou kalifye pou yon transfè an ijans, ou sipoze soumèt dokimantasyon sa a bay konpayi lojman ou a si li pa yon danje pou ou fè sa. Sa a se kèk nan egzanp dokimantasyon ou kapab bay: yon lèt oswa lòt dokimantasyon ki soti nan yon òganizasyon ki ofri sèvis pou viktim, travayè sosyal, kote ki bay asistans legal, konseye nan legliz ou, kote ki ofri sèvis sante mantal, oswa lòt pwofesyonèl ou t al chèche èd; yon lòd resan jij te pase pou moun nan rete lwen ou; yon lòt jij oswa lòt dokiman tribinal resan; yon rapò oswa dokiman lapolis; dosye kominikasyon ak moun ki fè zak vyolans la oswa fanmi, zanmi, moun ki komèt zak vyolans la, tankou imèl, mesaj vokal, mesaj tèks, ak piblikasyon sou rezo sosyal.

Konfidansyalite: Yo oblije kenbe konfidansyèl tout enfòmasyon ou bay konpayi lojman ou a konsènan ensidan vyolans domestik, vyolans ant moun ki renmen, vyòl, oswa asèlman, ak enfòmasyon konsènan demann ou pou yon transfè an ijans. Piga yo mete detay sa yo nan okenn bazdone pataje. Anplwaye kote

Fòm HUD-5383
(30 jen 2017)

ki bay lojman yo pa sipoze gen aksè nan detay sa yo amwenske se pou bay ou oswa refize ba ou pwoteksyon VAWA oswa yon transfè an ijans. Anplwaye sa yo ki gen aksè yo pa gen dwa pataje enfòmasyon sa yo ak okenn lòt enstitisyon oswa moun, sof si y ap pataje enfòmasyon: (i) ou te bay konsantman alekri pou pataje yon pandan yon tan limite; (ii) yo bezwen enfòmasyon yo pou itilize nan yon pwosè pou mete ou deyò kay la oswa yon odyans pou konnen si pou yo koupe asistans; oswa (iii) pou lòt rezon lalwa egzije.

SE SWA MOUN K AP MANDE TRANSFÈ A OSWA YON MOUN KI REPREZANTE LI KI POU RANPLI PATI SA A

1. Non viktim k ap mande transfè an ijans la: _____

2. Non ou (si se pa viktim nan:) _____

3. Non lòt fanmi non yo sou kontra kay la: _____

4. Non lòt fanmi ki t ap transfere ak viktim nan: _____

5. Adrès kote viktim nan vle kite a: _____

6. Adrès oswa nimewo telefòn pou kontakte viktim nan: _____

7. Non moun yo akize ki te komèt vyolans la (si ou konnen l epi li p ap yon danje pou bay li) _____

8. Sa moun yo akize ki te komèt vyolans la ye pou viktim nan: _____

9. Dat, Lè ak adrès ensidan an (oswa ensidan yo): _____

10. Èske moun k ap mande transfè a se viktim yon vyòl ki te fèt nan pi piti pase 90 jou sou pwopriyete viktim nan vle kite a? Si se wi, sote kesyon 11. Si non, ranpli kesyon 11. _____

11. Eksplike poukisa viktim nan kwè gen menas pou li sibi plis vyolans si li toujou kote li abite a. _____

12. Si yo bay li ak volonte yo, mete nenpòt dokiman ou te resevwa nan men yon kote endepandan w ap bay ansanm ak avi sa a: _____

Depi mwen siyen la sa vle di mwen sètifye enfòmasyon yo mwen bay sou fòm sa a vrè ak kòrèk selon tout sa mwen konnen, epi moun non li anwo nan Kesyon 1 a satisfè kondisyon ki etabli sou fòm sa a pou yon transfè an ijans. Mwen rekonèt si mwen bay fo enfòmasyon mwen kapab mete tèt mwen nan risk pou vin pa kalifye nan pwogram nan epi sa kapab yon rezon pou refize bay mwen asistans, koupe asistans mwen, oswa mete mwen deyò nan kay la.

Siyati _____ Siyen nan dat (Dat) _____